**6. Jıl máwsimleri hám tábiyat kórinisleri haqqındağı naqıl-maqallar**

Qılıshın súyrep qıs keledi.
Qıstıń qırawlı kúni.
Saw boladı adamnıń deni.
Ópepek keldi – jaz boldı.
Ǵaz kelgeni, jaz kelgeni.
Báhár – qıstıń azığı. [3:228-229]

Kórip atırǵanımızday, qaraqalpaq xalıq naqıl-maqalları oǵada kóp tematikaǵa iye. Onda xalqımızdıń turmısınıń hámme tárepleri óz sáwleleniwin tapqan. Naqıl-maqallar oǵada sulıw, kórkem, tereń mánili gózzal bolıp balalar yadında tez-hám tereń qaladı.

Bul naqıl-maqallar arqalı balalarımızdıń oy-órisi keńeyedi. Sózlik baylıǵı artadı, dúnyaǵa kóz qarası tereńlesedi, sóylew sheberlikleri kórkemlesedi. Ata-babalarımızdıń «Balanı jastan», «Bolar bala bes jasınan belgili»,-degen pikirlerine qosıla otırıp, kishkene perzentlerimizdiń til baylıǵı hám sóylew mádeniyatın ósiriw ushın xalqımızdıń naqıl-maqallarınan hár tárepleme paydalanıwımız zárúr.

**Ádebiyatlar**

1. Shavkat Mirziyoevning Oliy Majlis va O‘zbekiston xalqiga Murojaatnomasi.
2. Мақсетов Қ., Тәжимуратов Ә. Қарақалпақ фольклоры. –Н.: 1979.
3. Халық қарақалпақ фольклоры- нақыл-мақаллары.

**РЕЗЮМЕ.** Maqolada maktabgacha yoshdagi bolalar nutqini rivojlantirishda qoraqalpoq xalq maqollarining o‘rni, odob-axloq sifatlarining va estetik tarbiyani olib borishdagi zarurligi haqida so‘z boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье определяется значение и место каракалпакских народных пословиц и поговорок в развитии речи детей дошкольного возраста, в воспитании и формировании у них нравственных и эстетических качеств.

**SUMMARY.** The article defines the meaning and place of Karakalpak folk proverbs and sayings in the development of the speech of preschool children, in the education and formation of their moral and aesthetic qualities.

## QARAQALPAQ XALQÍNÍŃ HÁREKTLI OYÍNLARÍN ÓTKERIWDE ÓZINE SAY ÓZGEShELIKLERI

**R.Shılmanov** – *erkin izleniwshi*
*T.N.Qori-Niyaziy atındaǵı Ózbekstan pedagogika ilim izetrlew institutınıń Qaraqalpaqstan filialı*

**Tayanch so'zlar:** urf-odat, tarix, folklor, musiqa, pedagogika, tarbiya, sport, harakatli o‘yinlar.
**Ключевые слова:** традиция, история, фольклор, музыка, педагогика, воспитание, спорт, подвижные игры.
**Key words:** tradition, history, folklore, music, pedagogy, education, sports, outdoor dames.

Xalqımızdıń mıń-mıń jıllarda basıp ótken tariyxıy jolında tájiriybe hám sınawlardan qayta-kayta ótip, jetilisken kóriniske kelip bizlerge shekem jetip kelgen balalar folklor oyınlarınıń mazmun jónelislerine qarap tómendegi túrlerge bóliw múmkin.

1. Máwsimlik balalar folklor oyınları: Dáslepki báhár, jaz qıs máwsimlerinde oynalatuǵın balalar folklor oyınları.

2. Bayramlarda oynalatuǵın folklor oyınları: úrp-ádetler, bázimler, hár túrli bayramlarda oynalatuǵın oyınlar.

3. Miynet penen baylanıslı balalar folklor oyınları: «Jerdi súriw hám tapqa keltiriw», «Egin egiw», «Qawın-qawın», «Erik qaǵıw». «Qawın seyili». «Yanshıq», «Xosh-xosh». «Shurrey-shurrey», «Sıyır sawdı», «Túye qaytarıw», «At suwgarıw» hám taǵı basqalar.

4. Shańaraq úrp-ádetlerine baylanıslı balalar folklor oyınları: «Miyman-miyman», «Kelin túsiriw», «Kelin-kúyew», «Ana-bala», «Awqat pisiriw», «Úy bezew», «Quwırshaq oyını», «Nan jabıw», «Háyiw-háyiw», «Besik bezew», «Besikke bólew» hám taǵı basqalar.

5. Fizikalıq háreketli balalar folklor oyınları: «Quwıspaq», «Kes-kes», «Kórpe jawıldı», «Ziyrek», «Ǵaz-ǵaz», «Toptı quwıp jet», «Aq súyek», «Top-tas», «Sınıw», «Shıqıldaq», «Júgiriw», «Zuw-zuw», «Aq terekpe-kók terek». «Eshek mindi», «Láńgi», «At oyını», «Qız quwdı» hám taǵı basqalar.

6. Logikalık balalar folklor oyınları: jańıltpashlar, jumbaqtı tabıw oyınları, aytıslar, soraw-juwaplar, oylap tap, aqıldı shınıqtırıw, shamalawlar hám taǵı baskalar.

7. Haywanatlar hám tábiyat kubılısları menen baylanıslı balalar folklor oyınları.

8. Ermeklew balalar folklor oyınları.

9. Muzıka oyınları.

Oyın-tariyxıy tiykar tapqan waqıya, óz betinshe islew túri, insanǵa sáykes bolıp esaplanadı. Oyın barısı hár túrli: oyınshıqlar menen oynalatuǵın balalar oyınları, stol oyını, sheńber bolıp oynalatuǵın oyın, háreketli oyınlar, sport oyınları.

Oyın óz-ózligin biliw quralı, onıń kúlki, dem alıw, fizikalıq hám ulıwmalıq tárbiya quralı, sport quralı bolıwı múmkin.

Oyın mádeniyatı elementi esabında jámiyettegi barlıq mádeniyat túrleri hám adamlardıń hár túrli talapları menen rawajlanadı: oyın-kúlki, dem alıwda, ruwxıy, aqılıy hám fizikalıq kúshtiń rawajlanıwında úlken orın iyeleydi.

Oyın barısı-tek ǵana mádeniyattıń bir elementi emes yaǵnıy balalar hám óspirimlerdi tárbiyalawda da paydalı qural bolıp esaplanadı. Ol hár dayım maqsettegi gózlengen hám túrli maqsetli joldı hámde tiykarlanǵan háreket penen ózine say ózgeshelikti kórsetip turadı. Oyın barısında ásirese balalıq dáwirinde kóbirek miynet penen ulıwmalıqqa iye boladı. Biraq, oyın waqtında ómirdegi talaplardı qandırıw ushın materiallıq baylıqtı payda ete almaydı.

Oyın-júdá quwnaq hám yoshlıdur, sonıń ushın ol jaslar hám balalar menen tárbiyalık jumıs alıp barıwda úlken baylıq bolıp esaplanadı. Oyınnıń túrli úlken hám kishi jastaǵılar arasınla, ásirese óspirimler hám balalar arasında eń keń tarqalǵan bul háreketli oyınlar bolıp esaplanadı. Olar bolsa usı oqıw qollanba pániniń tiykarı bolıp esaplanadı.

Háreketli oyınlardıń ózine say ózgesheligi onıń mazmunın hárekettiń rolin anık kórsetip beriw esaplanadı (juwırıw, sekiriwler, ılaqtırıw, ótiw, toptı uzatıw hám uslap alıw, qarsılıq kórsetiw hám basqalar). Bul oyınlar háreketleniw hám onıń mazmunın (teması, ideyası) dálillep beredi. Ol oyında qoyılǵan maqsetke erisiw jolında hár qıylı qıyınshılıqlardı, tosıqlardı jeńip ótiwge baǵdarlanadı.

Háreketli oyınlardı oynawshılar ózleriniń qálewi boyınsha úyrenedi, belgili maqsetke shártli túrde erisiwge baǵdarlanǵan, ózinde sanalı túrde issheńlikke tiykarlanǵan boladı. Oynawshılardıń maqsetke erisiwinde belsene háreket talap qılınadı, onı oynawshılardıń ózleriniń oylap tabıwına hám iskerligine baylanıslı boladı (nıshanǵa tez júgirip barıw, nıshanǵa tez atıw, qarsılasına tez hám epshillik penen jetip alıw yamasa onnan ozıp ketiw hám taǵı basqalar).

Oyınnıń metodikalıq tárepten ózine tán qásiyeti onıń mazmunı hám formasına baylanıslı. Háreketli oyınlar metodikalıq tárepten:

a) janlılıǵın;

b) shegaralardan qaǵıyda boyınsha maqsetke erisiwde erkin háreket etiw;

d) qaǵıydaǵa say túrde dóretiwshilik intalılıq penen háreket etiw;

e) oyınlardaǵı ayrıqsha rollerdi orınlap, onıń mazmunına saylıǵı, oyın qatnasıwshıların jámááttegi málim dárejede óz-ara múnásibeti ornatıladı;

f) tosattan oyında ózgerip qalıw jaǵdayı, bul oyınshılardan iskerlikti, tez reakciyanı talap etedi;

g) oyındaǵı jarıs elementleri oyınǵa tásirsheńlikti óshiredi hám kúshti tolıq sarıp etiwdi talap etedi;

x) oyında kelip shıǵatuǵın kelispewshiliklerdi sheshiwde qarama-qarsı táreplerdiń mápleri bir-birine qayshı qoyılıwı bolsa joqarı dárejedegi emociyanı payda etedi.

Pedagogika ámeliyatta háreketlerdiń eki tiykarǵı túrinen paydalanıladı.

1. Erkin, dóretiwshilik yaki erkin oyınlar, bunda qatnasıwshılardıń ózleri oyın rejesin belgileydi hám belgilengen maqsetin ózleri ámelge asıradı. Bul balalarda óspirimlik, mektepke shekemgi jasta hám kishi mektep jasında olar basqalarǵa qaraǵanda tez-tez mazmunlı boladı, sebebi, oyınnıń mazmunına qarap rol bólistiriledi, sonıń ushın olardıń psixologiyasında dóngelek formada oralǵan dep ataladı. Olar bólek yaki jeke hám topar formasında bolıwı múmkin.

2. Belgilengen qaǵıydaǵa tiykarlanıp dúzilgen háreketli oyınlarǵa úlken jastaǵı balalardıń jetekshilik qılıwı talap etiledi.

Oyın mazmunlı hám quramalılıǵı boyınsha hár qıylı boladı:

a) Ápiwayı komandasız xáreketli oyınlar, bunda hár bir oyın qatnasıwshısı oyın qaǵıydalarına boysına turıp, jalǵız ózi ushın bellesedi. Oqıwshılar oyınlar arqalı ózin jetilistiriwge, basqalarǵa qaraǵanda shaqqanıraq, onıń nıshanǵa tiygiziwde, kúshte, tezlikte hám basqada tárepler boyınsha ústem bolıwına baǵdarlanǵan. Bul oyınlarda eń tiykarǵı qásiyet ózine tán sıpatlardan maksetke muwapık paylalanıw kerek bolıp esaplanadı.

b) Kóbirek quramalı komanda bolıp oynalatuǵın oyınlarǵa ótiwge baylanıslı xáreketli oyınlar, bunda oyınshılar birinshi náwbette ózleriniń qızıǵıwshılıqların qorǵawǵa, doslarına járdem beriw, olardı qutqarıp qalıw boyınsha túrli oyında hújimshilerden qutqarıp qalıwǵa járdem beredi. («Petnashı», kolındı ber «júgirip ótiw»). Ayırım waqıtlarda maqsetine erisiw ushın basqa oyınshılar menen waqtınsha birlesiwi de múmkin. Ayrım oyınlarda bunday birlesiw qaǵıyda boyınsha názerde tutılǵan «Kún hám tún» hám «Taban balıq hám shortan balıq», «Búrkit keldi», «Soqır teke baq-baq»).

v) Komandalı xáreketli oyınlar-bunda oyınshılar jıynalıp hár túrli komandalar dúzedi. Olar ózleriniń kızıǵıwshılıǵına boysınıw, ulıwmalıq maqsetke erisiwge baǵdarlanǵanı, komandanıń birgeliktegi xızmeti menen sıpatlanadı. Hár bir oyınshınıń háreketinen komandanıń barlık jetiskenligi hár bir oyınshınıń háreketine baylanıslı boladı. Komanda oyınlarında tez-tez hárekettiń óz-ara sáykesligi hám oyınǵa jetekshilik qılıw ushın oyınshılar arasınan komandanıń sárdarın saylap alıwǵa imkaniyat beredi, hámme oyınshılar sárdarǵa boysınıwǵa májbúr bolıp esaplanadı.

Komandalı háreketli oyınlardan ayrımları yarım sport xarakterine iye boladı:

Olar kóbirek oyınnıń texnikası, háreket texnikası boyınsha quramalı bolıp, belgili bir kaǵıyda boyınsha ótkeriledi. Bazı-bir oyınlarda ayrıqsha roller talap ótiledi. Ayrım toplamlarda bunday oyınlar yarım sport oyınları dep ataladı («top kapitanǵa», «lapta», «Qasharman top», «Ortadaǵıǵa top berme», «Hawa top», «Ańshılar hám úyrekler»).

Pedagog háreketli oyınlardıń keńnen qollanılıwın sabak waqtında esapqa ala otırıp, hár qıylı pedagogikalıq wazıypalardı sheshiw ushın sáykes oyındı tańlap alıwı talap etiledi. Bunıń ushın anıq belgiler boyınsha uqsas bolǵan oyın toparı duzip alınadı.

Oyınlar tómendegishe bólistiriledi.

1. Oyınshılardı mazmunına qarap trenerlik dárejesi boyınsha ápiwayı oyınlardan kuramalı oyınlarǵa shekem. (yarım sportka).

2. Balalardıń jası boyınsha ózine say ózgesheliklerin esapqa alıp, baslawısh klass oqıwshıları 1-2-3-4-klasslar, orta jastaǵı oqıwshılar 11-12-13-14 jasta, 5-6-7-8 klass oqıwshıları. Joqarı klass oqıwshıları 15-16-17 jasta, 9-10-11-klass oqıwshıları ushın mektep oqıwshıları ushın háreketli oyınlar tańlap alınadı, orta bilim beriw mektepleri ushın, mekteplerdiń dene tárbiyası sabaqlıǵınıń dástúrine kirgizilgen.

3. Oyınlarda kóbirek ushırasatuǵın háreket oyınlardıń túrleri boyınsha (ulıwma rawajlandırıwshı shınıǵıw elementleri menen oynalatuǵın oyınlar, juwırıw, biyiklikke sekiriw, turǵan jerden juwırıw, háreketleniwshi hám háreketlenbeytuǵın nıshanǵa tiygiziw, toptı ılaqtırıw hám qapshıp alıw).

4. Oyında kebirek ushıraytuǵın fizikalık sıpatlar (kúsh, shıdamlılık. shaqqanlık, tezlik, iykemlilik, kóbirek tárbiyashıǵa járdem beretuǵın oyınlar). Hámmesi bolıp bul qásiyetlerdi tez-tez birge qosıp orınlaǵanda belgili boladı. Oyındı háreket túrleri hám fizikalıq sıpatlar boyınsha shınıǵıwlardıń hámme túrlerinde paydalanıladı.

5. Ayrıqsha sport túrlerine tayarlaytuǵın oyınlar, ol yamasa bul sport túrlerine zárúr bolǵan fizikalıq sıpatlardı tárbiyalawda, ayrım texnika hám taktika elementlerin jaqsılıwǵa hám jetilistiriwde paydalanılatuǵın háreketli oyınlar.

6. Oyınshılardıń óz-ara qarım-qatnasına baylanıslı bolǵan oyınlar a) «qarsılası» menen bir-birine tiyiw múmkin bolmaǵan oyınlar. b) oyınshılar tuwrıdan-tuwrı «karsılası» menen bir-birine tiyiwi shegaralanǵan oyınlar. v) «qarsılası» menen tuwrıdan-tuwrı bellesetuǵın oyınlar, ayrım pedagoglar oyınshılardı óz ara qatnası boyınsha bólistirip, onı «ápiwayı» qılıp bóledi, bunda hár bir maqset izinen júrip basqalarǵa salıstırǵanda qatnassız boladı hám «quramalı» oyınshılardı toparlarǵa, bólimlerge bóliw arqalı oynalatuǵın oyınlar, bunda hár bir oyınshı ózleriniń komandasına itibar beredi.

## Ádebiyatlar


1. Raximqulov K.D. «Milliy harakatli oʻyinlar» Oʻquv qullanma. -T.: 2012.
2. Usmanxujaev T.S. , Xujaev F. Harakatli oʻyinlar. –Toshkent: « Oʻqituvchi», 1992.
3. Xujaev P. Sport harakatli oʻyinlar va uni oʻqitish metodikasi. –Toshkent: TDPU nashriyoti, 2008.
4. Shilmanov P. Milliy bolalar oʻyinlari. –Nukus: «Bilim», 1996.
5. Háreketli oyınlar 1-4 klas ushın. -Nókis: «Bilim», 1996.


**REZYUME.** Ushbu maqolada milliy harakatli oʻyinlarning turlarga boʻlinishi, oʻyinchilarning oʻz-aro munosabati, oʻyinlarning oʻziga xos xususiyatlari haqida ma'lumot berilgan. Yosh jismoniy tarbiya o'qituvchilari, tadqiqotchilar, doktorantlar, magistrlar, bakalavrlar kerakli ma’lumotlarni olishlari mumkin.

**РЕЗЮМЕ**. В данной статье представлена информация о делении национальных подвижных игр на типы, взаимодействии игроков и специфических характеристиках игр. Нужную информацию могут получить молодые учителя физической культуры, научные сотрудники, докторанты, магистры, бакалавры.

**SUMMARY.** This article provides information about the division of national outdoor games into varieties, the interaction of playfulness, and the characteristics of the outdoor games themselves. The necessary information can be obtained by young physical education teachers, doctoral students, masters, bachelors.